



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU ADRESE DISPARITE SWEN SANTE NAN KOMINOTE LGBTQ+ LA**

*Lejislasyon (A.9604/S.8937) otorize jèn ki sove ak sa yo ki sanzabri ki pa ko gen 18 ane k ap resevwa sèvis sipò pou konsantman pou swen medikal, dantè, sante ak swen lopital pa yo*

*Lejislasyon (A.1880A/S.2534A) egzije asistan sante adomisil ak asistan enfimyè yo pou resevwa fòmasyon nan travay ak pasyan ki gen divès oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl*

Gouvènè Kathy Hochul siyen jodi a yon pake lejislatif ki pral abòde disparite swen sante nan kominote LGBTQ+ la. Lè yo pèmèt jèn ki sove e ki sanzabri ki poko gen 18 ane yo pran pwòp desizyon sou swen sante yo epi pi byen ekipe enfimyè ak asistan sante enfimyè ak adomisil yo pou travay avèk popilasyon LGBTQ+ yo, nouvo lwa sa yo pral elaji pwoteksyon nan anviwònman swen sante yo pou moun ke yo idantifye kòm LGBTQ+.

"Chak manm nan kominote LGBTQ+ la merite swen sante ki disponib, ki aksesib, ak epi ki ekkitab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li enpòtan pou nou kreye yon anviwonman swen sante ki pi akeyan, enklizif, epi ki afime pou nou kapab amelyore rezilta swen sante pou kominote LGBTQ+ la, patikilyèman jèn ki vilnerab yo. Nou pral kontinye avanse nan batay nou pou ekite LGBTQ+ nan Eta New York."

Lejislasyon (A.9604/S.8937) otorize jèn ki sove ak sa yo ki sanzabri ki pa ko gen 18 ane pou pran konsantman pou swen medikal, dantè, sante ak swen lopital pa yo. Jèn LGBTQ+ yo reprezante yon fason ki pa pwopòsyonèl nan popilasyon jèn ki sove e ki sanzabri yo, sa ki reprezante plis pase 40 pousan nan gwoup sa a, e jèn transjan ak sèks ki pa konfòme yo patikilyèman twòp pa reprezante nan gwoup sa yo. Anjeneral, lwa aktyèl la egzije konsantman paran yo pou minè yo resevwa swen sante sòf si minè a marye oswa si li gen yon timoun, sa ki ka yon gwo baryè pou jwenn aksè ak swen sante pou minè ki sanzabri oswa ki kouri kite kay yo. Lejislasyon sa a pral pèmèt moun ki satisfè definisyon jèn ki sove oswa ki sanzabri yo ki resevwa sèvis nan yon pwogram sèvis kriz pou jèn ki sove oswa ki sanzabri ki apwouve oswa yon pwogram sipò tranzisyon pou viv endepandan pou yo bay konsantman pou pwòp swen sante pa yo.

**Senatè Eta, Jabari Brisport, te deklare,** "Reyalite ki tris la se paske anpil jèn — espesyalman jèn LGBTQ + — pa gen yon kay ki an sekirite ki gen yon fanmi ki renmen yo; refize timoun sa yo aksè ak swen sante debaz yo a grave prejidi ki deja enpòtan yo ap fè fas yo. Antanke alafwa yon masisi epi kòm Prezidan Komite Timoun ak Fanmi an, mwen trè fyè de lwa sa a pou pwoteje aksè ak swen medikal pou jèn ki sanzabri yo ak jèn ki sove yo."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Jèn moun ki poko gen 18 jeneralman bezwen konsantman paran yo pou yo jwenn swen sante. Sa a se jeneralman yon règ ki sansib. Men, pou jèn ki sanzabri yo ak moun k ap sèvi nan pwogram jèn ki sove yo, jwenn konsantman yon paran kapab yon obstak pou yo jwenn swen. Yon paran ka twò difisil pou jwenn; sitiasyon fanmi an ka fè pwosesis konsantman an danjere oswa enposib; retade swen an ka domaje sante jèn lan. Pwojè lwa sa a, ki chita sou yon pwopozisyon Gouvènè Hochul, pral pèmèt plis jèn sa yo bay konsantman pou pwòp swen sante yo si yo gen kapasite mantal reyèl pou pran yon desizyon swen sante."

Lejislasyon (A.1880A/S.2534A) egzije asistan sante adomisil ak asistan enfimyè pou resevwa fòmasyon nan travay ak pasyan ki gen divès oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl. Anpil pasyan ki idantifye kòm LGBTQ+ rapòte ke yo gen difikilte pou jwenn swen sante kote yo santi yo enkli ak aksepte yo, epi gen kèk moun ki rapòte ke yo te refize ba yo swen akòz idantite yo. Nouvo lwa sa a pral mande fòmasyon ki espesyalman adrese bezwen pasyan ki gen divès oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl, ki pral asire pasyan sa yo resevwa swen kiltirèl ki konpetan.

**Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a pou l bay asistan sante adomisil ak asistan enfimyè yo fòmasyon yo bezwen pou ofri pi bon swen pou pasyan ki gen divès oryantasyon seksyèl ak idantite sèks yo. Sa a se yon lòt etap Eta nou an ap franchi pou respekte valè egalite ak respè nou yo nan sistèm swen sante nou an."

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare,** "New York konpoze de yon bèl mozayik ki gen moun ki soti nan tout kalite orijin ak idantite, e li enpòtan pou nou rekonèt divèsite sa a nan chak laj ak sitiasyon medikal. Ajoute lang pou ede travayè sante adomisil yo ak asistan enfimyè yo bay pi bon swen ki pi adapte ak kilti se yon solisyon bon sans pou asire ke pwogram fòmasyon nou yo reflekte mond modèn n ap viv la. Mèsi ak Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a".

###